ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫЄ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№79 (23.487) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЗэІущІэхэр

Мазищым кърикІуахэр

Урысейм Тезырхэр егъэпшынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд и тхьэмадэу коллегием и зэІущІэ екІуэкІам щыхэплъэжащ 2017 гъэм и апэ мазищым я лэжьыгъэм кърикІуахэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Управленэм и унафэщІым и къуэдзэхэр, УФСИН-м и къудамэхэмрэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ я унафэщІхэр.

Нэхъыщхьэу зытепсэльыхьар шэч зыхуащІхэм, ягъэкуэнщэхэмрэ тутнакъхэмрэ я псэукІэмрэ абыхэм якІэлъыплъынымрэ къыззрызэгъэпэщарщ. И гугъу ящІащ лэжьакІуэхэр къызэрызыхахьмрэ ахэр я кІалэнхэм зэрызыагъэхьэзырымрэ. Гулъытэ хэха ягъуэтащ я нэІэм щІэт Іуэхущ Іапіэхэр гъатхэ - гъэмахуэ зэманым зэрызэхъэзэырым. ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ цІыхухэм, абы ягъэтІысахэри яхэту, зыкъызэрызыхуагъазэхэм теуауа лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным.

Лэжьакіуэ нэхъыфІхэм ведомствэм и дамыгъэхэр коллегием щратащ.

Управленэм и унафэщІ Мэржэхъу Мухьэмэд я Іуэхухэр сыт и лъэныкъуэкІи ирагъэфІэкІуэну къыхуриджащ, лэжьакІуэфІхэм фІыщІэ яхуищІащ, къапэщыт пІалъэм зыхуагъэувыжа кІалэнхэр екІуу зэфІахыну зэращыгугъри къыхигъэщащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и управленэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

«Урысей зэкъуэтым» и проектхэм щІыналъэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ

Урысейм и щІыналъэхэм щытопсэлъыхь 2016 гъэм Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі, «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Дмитрий Къэрал Думэм щищІа отчётым.

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партым и Къбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Парафилов Дмитрий къыхигъэщхьэхукІащ, япэкІэ щыІа адрей проектхэми хуэдэу, партым и проектыщІэхэм щІыналъэ хуэдым къапэщыт зи чэзу къалэнхэр зэфІэхьынымкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэнур.

«Медведев Дмитрий къыззригъэлъэгъащ, «Щэнхабзэ унэхэр» проектым хуэдэхэр ягъэззэщІэну зэрыхуеижьам и фІыгъэкІэ жылагъуэхэм дащІыхьынущ къалэн куэд зыгъэзащІэ щэнхабзэ центрхэр. Правительствэм и Унафэщым къызэрилъытэмкІэ, ар Іуэхуэщ щІыпІэ нэхъ пхыдза дыдэхэм щыпсэуэхэм я гъащІэр щызу щытынымкІэ. Къэралым щэнхабзэм зегъэужьыным иджыпсту сом меларди 100-м нэблагъэ трегъэкІуадэ. Парт проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщІэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу республикэм мы гъэм сом мелуани 150-м нэблагъэ къыІэрыхьэнущ. Ар куэдкІэ и фІыгъэщ «Урысей зэкъуэтым», сыту жыпІэмэ мы проектыр зи жэрдэмкІэ ирагъэжьар аращ», - жиІащ Парафилов Дмитрий.

Щыналъэ гъэззэщІакІуэ комитетым и унафэщІым апхуэдэу къыхигъэщащ егъэджэныгъэм и Іэнатіэр къэгъэщІэрэщІэжьым хуэгъэзауэ «Урысей зэкъуэтым» иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм адэкІи зэрыпищэнур.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● Гъуэгу къежьапІэ

Хекилаевэ Денизэ Абхъазым и утыкум гуапэу къыщрагъэблэгъэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм дыгъуасэ Абхъазым и утыкум гуапэу къыщрагъэблэгъэжащ икІи щагъэлъэпІащ Ябэ урысейпсо каналым къызэригъэпэща «Голос. Дети» проектым тельыджэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа, етІуанэ увыпІэ къыщыхьа уэрэджыкІуэ ныбжьыщІэ Хекилаевэ Денизэ.

РЕСПУБЛИКЭМ исхэр Абхъазым и утым темыпІэжу щыпэплъэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм и «вагъуэ цІыкІу» хьуа Денизэ къыгъэблэгъэжыну.

Зэхуэсахэм я Іэгуаузм щІэту, Хекилаевэ Денизэ псомиф ІэхъуэгуапэкІэ ирихьащ икІи фІыщІэ яхуищІащ къыдэпэпкъуахэу КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, республикэм и унафэщІхэм, текІуэныгъэм хуэкІуэн папщІэ Іэ зыІэтахэм. Абы кІыхьигъэщащ республикэм исхэр «къызэрыдэсымаджэр» зэрызыхищІар икІи абыхэм я фІыгъэкІэ пашэныгъэм нэхъ ерыщу зэрыхуэкІуар. Апхуэдэу Денизэ и адэ-анэхэу Хекилаевэ Асльэнрэ Дианэрэ КЪБР-м и унафэщІхэмрэ утыкум щызэхуэсахэмрэ фІыщІэ хуащІащ я пщащэм апхуэдэ гупЫытэрэ пщІэрэ къызэрыхуащІам папщІэ. Апхуэдэу къыхахагъэщащ я гуфІэгъуэр республикэм исхэм къызэрыдагъуэшам нэхъри зэриГъэгушхуар.

- Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм щыпсэу дэтхэнэм папщІи сыгуфІащ, сыгушхуащ, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуэ Денизэ и зэфІэкІым папщІэ. Минводы къикІыу Налшык къыздэкІуэжым дэлъа ГъуэгуанэмкІи къуриубыдэу, Денизэ фІэхъус кІъезымыхьу зы машини блэжакъым. Тамбуканэ гуэлым дежи республикэм исхэр дызэрыгушхуэ пщащэм апхуэдэу гуапэу къыщыІуащІащ. Ди уэрэджыІакІуэр иджы КъэбэрдейБалъкъэрым и мызакъуэу, къэрал псом цІэрыІуэ щыхьуащ. Абы и зэфІэкІыр дзнэ щІыпІи хэІущІыІу зэрыщІыхьуар, фІыуэ кІыззралъэгъуар гуапэщ, - жиІащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Денизэ, къэралым, дуней псом и «вагъуэшхуэ» ухъуну, макъамэ гъуазджэм екъуІэныгъэ ин щызэбгъэхъуІэну дыкоХуэхъу.

Налшык къалэм и Музыкэ сабий школ №91-м, Темыркъан Юрий и цІэр зезыхьэм, Денизэ уэрэд жыІэным щыхуезыгъаджэ, абы и зэфІэкІым зезыгъэужь Гридасовэ Иринэ жиІащ хъыджэбэ щыкІур макъамэ гъуазджэм, уэрэд жыІэным зэрыхуэнэхъуеиншэр, екъуІэныгъэм еш имыщІэу зэрыхуэнэхъуеиншэр, екъуІэныгъэм еш имыщІэу зэрыхуэнэхъуеиншэр, екъуІэныгъэм хигъэхъуэн, и хуэзсапІэхэр зригъэхъулІэн папщІэ яхуэзэфІэкІ псомкІи зэрыдэІэпыкъунур.

Хекилаевэ Денизэ къыззхуэсахэр иригъэдэІуащ. «Голос. Дети» проектым щІэгъэзэщІа нэгъуэщІ уэрэдхэм. Абхъазым и утым абы Іэгуауэшхуэ щыхуаІэтащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● ЩІэныгъэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэхуос

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтымрэ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ я щІэныгъэлІхэр Терскол дэт «Вольфрам» пансионатым накъыгъэм и 17 - 21-хэм щызэхуэсынущ. Абы щрагъэкІуэкІынущ «Прикладной математикэмрэ физикэмрэ щыщыІэ Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ» щІэныгъэ конференцыр.

ЗЭХУЭСЫМ и программэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, абы екІуэлІэнущ дунейпсо щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэу, Іэщіагъэлі Іэзэхэу 40-м щигъу. Конференцым кьриубыдэу лэжьэнущ ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я школри. Мы махуэхэм кьриубыдэу зэхуэсым ягъэхьакІэщ доклад 338-рэ. Абы хэтыну гукъыдэж ящІащ цІыху 300-м щІигъуи.

Конференцым щыпсэшынущ 2015, 2016 гъэхэм зэхашауэ щыта Урысей-Китай дунейпсо щІэныгъэ зэхуэсхэм. Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, блэкІа илъэсхэм хэпщІыкІыу нэхъыбэ хуэщ а щІэныгъэ зэІущІэм кьрихьэлІэну гукъыдэж зыщІхэм. Псом ихуэмыдэу гуапэ пщІохьу Урысей Федерацэм, кьапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэ куэд конференцым хэтыну зэрыхуейр. Зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэр щІэныгъэлІхэр математикэмкІэ я Іуэху еплъыкІэщІэхэмкІэ, гупсысэщІэхэмкІэ зэдзэгуэшэныр щ, студентхэм, аспирантхэм, щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр, зэдзэлэжьэныгъэр гъэбыдэныр щ. А псори хуабжьу сэбэп хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэм адэкІи зыщиужьыным, Іэщіагъэлі Іэзэхэр кьихьуэным.

ЩІэныгъэлІхэм я зэхуэсыр къызэгъэпэщыныр икІи егъэкІыныр деІыгъ Къэхутэныгъэ инхэмкІэ Урысей фондым. Абы ипэ кьихуэу кьыдагъэкІынущ ящІыну докладхэр зытеухуа Іуэхугъуэ зэхьыщхьэхэр зэрыт тхылъ щьхьэхуэ. ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я къэхутэныгъэ нэхъ купщІафІэхэр къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр щыхьэ, фІыщІэ тхылъхэмкІэ ягъэпэжэнущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

Пщыбий Сулътіан и пщІэ лъагэр

Пщыбий Сулътіан Хъанджэрий и къуэр ди республикэм къыщацІыху зэфІих и Іуэхуфі-хэмкІэ, нэгъуэщІхэм къаззрыхэщ и дуней тетымкІэ екІумкІэ, хэлъ щІыхугъэ лъагэмрэ нэмысымкІэ. Ар Зауэм. Лэжьыгъэм, Іэщіакіэ Зэщіуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым и президиумым, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэтщ.

ЖЫЛАГЪУЭМ пщІэшхуэ щызиІэ а нэхъыжьыфІым и гъащІэр хуигъэпсащ ди щІыналъэм къихъуэ щІэбгъэ къызыхэкІа лъэпкъ уардэм хуэфащуэ къэгъэтэджыным. И ныбжьыр нэсу пенсэм кІуами, Іуэхуншэу зы махуи щыскъым нэхъыжьыфІыр. Ар жьыджэру хэтщ республикэм щекІуэкІ жьылагъэ гъащІэм, щІэх-щІэхыуэ яхуэхэсу щколакІуэхэм, студентхэм, кьыщопсалъэ махуэшхуэ зэхьыхьэжи.

Сулътіан тхэнми дехьэх. Зыхэт ветеран зэгухьэныгъэм и Іуэхущафэхэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм ятеухуа тхылъхэр абы щІэх-щІэхыуэ кьытрырегъадзэ республикэ газетхэм, журналхэм. УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт Пщыбийм и кьалэмыпэм апхуэдэу кьыпкІыІащ рассказхэр, гушыІэхэр, таурыхьхэр. Дунейм кьытехьащ Пщыбий Сулътіан и тхылъхэри: «В небе Ястреб» («Эль-Фа», 2006 гъэ), «Растить патриотов» («Печатный двор», 2014 гъэ).

Пщыбий Сулътіан и иджыблагъэ хэтащ «ТекІуэныгъэ Иным и ЛІыхъужьхэр» къэралпсо литературэ зэпеуэм. ТхакІуэм абы игъэхьа «Возвращение домой» рассказым гупЫытэшхуэ игъэтащ икІи зэпеуэм и тхыгъэ нэхъыфІхэм хабжащ. Пщыбийм кьыхуагъэфэщащ зэпеуэм и диплом, къэралпсо зэхъэззэхуэм пашэ щІыхуэхэм зэрахэхуам и щІыхьэту.

Текіуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ щрикъум ирихьэлІэу, Пщыбийм кьратащ а зэпеуэр кьызэзэгъэкІэщахэу Урысейпсо зауэтхьідэ зэгухьэныгъэм, УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ и министерствэхэм, Урысей къэрал библиотекэм кьабгъэдэкІ фэеплъ медаль лъапІэр. «Зыри тщыгъупщакъым» псалъэхэр зытет дамыгъэр СулътІан хуэфащэ дыдэщ. Ар кьахэхьуащ Пщыбийм нэхъапэІэкІэ кьыхуагъэфэща «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм гуащІэдэкІ лэжьыгъэфІ къызэригъэлъэгъуам папщІэ», «Ленинир къызэралъхуэр илъэси 100 зэрырикъуам папщІэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» дамыгъэхэм, КЪБР-м, ди Правительствэм кьабгъэдэкІыу хэкупсэм кьрата щІыхь, фІыщІэ тхылъхэм.

ГъащІэр пэжу, и щхьэ и напи емыпщІыжу, къэралым, щалъхуа щІыналъэм яфІрэ я екъуІэныгъэрэ къызэрыкІын Іуэхугъуэхэр екІуу зэригъэззэщІэным хущІэкъуу Пщыбий СулътІан Хъанджэрий и къуэм дохъуэхъу зи нэхъыжь унагъуэм и жьэгум пщІэ щиІэу, узыншэу, быным, абыхэм я щІэблэм яфІ, я гуфІэгъуэ илъагъуу иджыри куэдрэ псэуну.

КЪАРДЭН Маритэ.

ТекІуэныгъэр ягъэлъапІэ

● Шэджэм щІыналъэ

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ зэрырикъум теухуауэ ирагъэкІуэкІ «Эстафета памяти» Іуэхур Шэджэм районым щагъэлъэпІащ.

НАКЪЫГЪЭМ и 1-м метр 70 хъу Георгиевскэ лентІыр яІыгъыу, «Ручеёк» сабий садым и гъэсэн цІыкІуэхэр я пашэу щІалэгъуалэ 200 Шэджэм къалэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикІуащ. Абыхэм удз гъэгъа тралъхьащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым. ПэкІур Щэнхабзэм и унэм деж щызэхэкІыжащ, ТекІуэныгъэм и дамыгъэр Тэрч щІыналъэм и лЫкІуэхэм иратри.

ЩІэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэгъэпса Іуэху щхьэпэр Шэджэм районым и ОМВД-м къадиІыгъащ.

Махуэшхуэм концерткІэ пащащ. Абы хэтащ «Шэджэм псыкъалъэхэр», «Эрирей» цІыхуб ансамблхэр, Мэремщауэ Каринэ, Дыщэкі Артур, ФІэщмыхъу Анжелэ, Мыкъуэжь Жаннэ, Пщынокъуэ Дианэ, Ахъуэхъухэ Ланэрэ Марьянэрэ, «Шэджэм шууейхэр», МКОУ СОШ №4-м и гъэсакІуэхэр.

Мы махуэм джэгу зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІати, щхьэж и кьару игъэунэхуну Іэмал иІащ, ныбхэжаныкІахэм саугъэтхэр ираташ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Полк уахътыншэм и сатырхэм хэувэнухэм гу зылъатапхъэ

Накъыгъэм и 9-м Налшык и уэрам нэхъыщхьэм иригкІуэнущ Полк уахътыншэм хэтхэр. Абыхэм фахьихьэ фи Іыхьлы гъунэгъуэхэм ящІыщу армэм, флотым и ветераным, тылым щылэжьам, партизаным, фашист ныбжьыщІэхэм я сурэтыр ебгъэщІу. Апхуэдэ парадым зэи къыхэмыхьэжыну нэхъыжьым и фэеплъыр щыгъэлъапІэ.

ГУПЫР сыхьэти 10-м щегъэжьауэ КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унэм деж щызэхэувэу щІадзэнущ я гупэр Толстоим и уэрамымкІэ хуэгъэзауэ. Сыхьэт 11-м кьежьэнурэ, Лениным и уэрамым тетурэ ЗэгурыІуэныгъэ утым кьызэпрыкІынущ икІи Балъкъэр уэрамым нэс кІуэнущ.

Дыныволъэ Іу мы Іуэхур зэщІэзэгъэуІуэну зи пщэ иралъхьахэм кьагъэувэхэр вгъэззэщІэну.

ФызыщІэупщІэн щыІэмэ, фепсалъэ хьунущ Битокъу Маринэ (телефоныр **89286919946)**, Романовская Аннэ (**8903 42-66-101)**, Челикин Артём (**89289141784)**, Битокъу Тамарэ (**89280819914)**, Сарбашевэ Іэминэ (**89280776783)**.

НОБЭ

♦Латвие Республикэм и щхьэхуитыныгъэм теухуа декларацэр ящІащта махуэщ. 1990 гъэм Латвие ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ Совет Союзым кьызэрыхэкІыжьым икІи кьэралыгъуэ щхьэхуэ зэрыхъужьым теухуауэ.

♦Японием щагъэлъапІэ Щхьуантіагъэм и махуэр

♦Китайм и ЩІалэгъуалэм я махуэщ

♦1852 гъэм Щамил Іиммым и нэІибхэм ящыщ Хьэжы-Мурат, и гупыр и гъусэу урысхэм я лъэныкъуэ хъуауэ щытар, я хъумакІуэхэр зэтрауКІэри щІэпхъужащ. Урысыдзэр кьызэщІалэтэри абыхэм якІэлъыпхъэращ икІи Хьэжы-Мурат гуузу яуклащ.

♦1904 гъэм Панамэ кІэнауэр ухуэн щІадзащ.

♦1924 гъэм Париж къыщызэІуахащ VIII Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр накъыгъэм и 4 - бадзэуэгъуэм и 27-хэм екІуэкІащ.

♦1934 гъэм Москва Кином и унэ къыщызэІуахащ, Иджыпсту ар Кином и Унэ Нэхъыщхьэрщ.

♦1959 гъэм Налшык бжьамийкІэ газ кьашэу щІадзащ.

♦1979 гъэм Тэтчер Маргарет Инджылызым и премьер-министру ягъэуващ. А кьулыкъум нэхъапэм щІыхуб зэи пэрытатэкъым.

♦2010 гъэм УФ-м и Президентым и Указкіэ Налшык къыфІащащ «Зауэ щІыхьым и кьалэ» цІэ лъапІэр.

♦Совет актрисэ цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, Канны 1957 гъэм щекІуэкІа XI кинофестивалым и саугъэтыр («Летят журавли» фильмым папщІэ) зыхуагъэфэща **Самойловэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Абазэ тхакІуэ, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **КІыкІуэту Микаэль** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ художник, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шемякин (Къардэн) Михаил** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-м щыІэ зиІэ и экономист **Щауэжь Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысейм щыхъ зиІэ и тренер, къэралым футболымкІэ и командэ къыхэхам, ЦСКА-м я тренеру щыта **Слуцкий Леонид** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ, уэшх къыщыщхьынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.**

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Тщыгъупщэ хъунукъым

ТекІуэныгъэ Иным ипэ къихуэу къызэрагъэпэщ «Георгиевскэ лентІ» Іуэхур Іуащхьэмахуэ щІыналъэм илъэс ебланэ хьуауэ щрагъэкІуэкІ.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ районым и администрацэм и щІалэгъуалэ къудамэм хэтхэмрэ лицей №1-м щІэсхэмрэ накъыгъэм и 2-м Тырныауз къалэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикІуэурэ лентІ 500-м щІигъу ягуэщащ. Абы и ужьхІэ, ГИБДД-м и къудамэм и лэжьакІуэхэр ящыІуэу, ныбжьыщІэхэм машинэхэр къагъэувыІэурэ ТекІуэныгъэм и фэеплъ лентІыр рулым дэсхэми тыгъэ хуащІащ.

«ТекІуэныгъэр къытхуэзыхьахэр тщыгъупщэ хъунукъым, абыхэм зэрахьа лЫигъэмрэ хахуагъэмрэ ди щапхъэу дыпсэун хуейщ», - жаІащ Іуэхум хэтахэм.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи бзэ быдэм насып иІэщ.

Тщ1эн ди гъунэжщ

● Ди псэлъэгъуохэр

***Дзэлыкъуэ щ1ыналъэ администрацэм и I этащхьэм и къулыкъур илъэс ещанэ хъуауэ езыхьэк1 Джатэ Руслан гъащ1эм кууэ хэзыщ1ык1, къэралымрэ республикэмрэ щек1уэк1 Iуэхуэхэм, абыхэм я зыужьык1эм, ц1ыхуэм я псэук1эм, ахэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэхэм , зыгъэпл1ейтэхэм ф1ыуэ щыгъуазэ унафэщ1эм. Е эым хуэфащэ щ1эныгъэ бгъэдэлъщ. К1ьармэхьэблэ (Каменномост) кауэ жэ еджапI эм и ужьк1э, 1975 гъэм КъБКъУ-р, 1992 гъэм УФ-м и МВД-м и юридическэ школ нэхъыщхьэр къиухащ, республикэм и хабзэхъуэ I энатI эхэм щ1ылэжащ. 1992 гъэм и фок1адэм щегъэжьауэ 2006 гъэм и нак1ыгъэ хъуху Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэм и унафэщ1ш, 2013 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщ1ыщ1эдзауэ 2014 гъэм и - Кълыкъуэм узэрыгеувэрэ экономик и лъэныкъуэк1э районым бгъэдэлъ эдф1эк1ыр къызэрыбгъэсэбэныным, ар и лъабжьыу социальнэ Iуэхуэр зэребгъэф1эк1уэным уху щ1окъу. Л1ажьэн зэрыщ1бдзэрэ фызыхунэсахэм ящыщу нэхъ щхьэпэу къэплъытэжмк1э ди псалъэмакъыр дублэмэ сф1экъабылт, Руслан.

- Щ1ьэщ1ытхъуагъ хэмылъу жыс1энщи, иужьрей илъэсхэм ф1ы и лъэныкъуэк1э зэхъуэк1ыныгъэ нэрылъагъуэр ди1эщ. Псом яп1эу, ар къроклуэ властым и хабзэубзыху, и гъэзэщ1ак1уэ к1удамэхэмрэ жылагъуэ советхэмрэ зэрыщ1эу, зэуI уу зэрызэдзлажьэм. Сыт хуэдэ мурадыф1эхэри жэрдэмхэри щ1ипхъуэгъэзэщ1энырэ ц1ыхуэхэмрэ районым и активымрэ ахэр к1ыбдащтэмэщ, к1ыбдащыгъэмэщ. Дыззэрызэдалажьэ зэманым к1ыриубыдэу Iуэху щхьэпэ зыбжанэ зэф1эдгъэк1ащ. Депутатхэм, к1уаджэхэм, организацэхэм, I энатI эхэм, еджапI эхэм, дин Iуэхущ1апI эхэм я унафэщ1хэм, нэхъыжьыф1экъмрэ жылагъуэмрэ абыкI э ф1ыщ1э яхузощ1.

Дызыхунэсахэм я гугъу тщ1ымэ, аэр мащ1эжьы. Псалъэм папщ1э, и к1эм нэдгъэсри, гъуэгущ1эхэр, еджапI эхэр, социальнэ Iуэхущ1апI эхэр, спорт зыгъэсапI эхэр къызэIутхащ. Дзэлыкъуэ къуажэ посёлкэм «Бизнес-инкубатор» центр, Каменномост къуажэм сабий гъэсапI э, жылагъуитхум узынщагъэм щыкI элъыплъ амбулаторэхэр щыдухущ. К1ыщ1ынэмыщ1ауэ, школитхум я к1уэщ1ыр къызыхуэтынщ1эу зыхуэ1 эхуэдт1эщ, я щхьэгъубжэхэр зэтхъуэк1ащ. Ц1ыхуэхэр I энатI эк1э къызэгъэпэщ1ыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм я ящыщщ. Мы зэманым джэдкъаз фабрикэшхуэ дохуэху. К1ыдзэхъуI эмэ, мылъыкI э дыпэлъэщмэ, дызыхуэк1уэ илъэсым икуэхм къызэIутхыну ди мурадщ.

- Ди администрацэм и унэм и гупэм псэуалъэшхуэ къыщ1ещгъэжьащ...

- Нобэр къызэдэсым районым хохауэ, щхьэхуэу музейм и унэ и1экъым. Иджы а щ1ыщ1эныгъэр ящыщу ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Мы зэманым джэдкъаз фабрикэшхуэ дохуэху. К1ыдзэхъуI эмэ, мылъыкI э дыпэлъэщмэ, дызыхуэк1уэ илъэсым икуэхм къызэIутхыну ди мурадщ.

- Ди администрацэм и унэм и гупэм псэуалъэшхуэ къыщ1ещгъэжьащ... Абы и лъэныкъуэк1э сытхэм фыхунэса?

- А Iуэхуэхэми долэжь. Тонн мини-щ1ым хуэщ1а ф1ыскъыпхъэ хъуманI э Светловодскэ къуажэм нэгъабэ къыщ1эзэIутхащ. Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэм къыщедгъэзэжьа апхуэдэ Iуэхуэныгъэр мы гъэмахуэм и к1эм дыуэхыну ди мурадщ. К1эртIофу тонн минитIрэ щитхурэ щ1эзэрахьэну иджырей къумапI э Приречнэ жылагъуэм щ1ыдощ1.

- Ди нэгу зэрыщ1эк1щи, Руслан, къуажэдэсхэм псалъэмакъ нэхъыбэ зращ1эк1ыр щ1ым и Iуэхурщ. Зым гектари 100-300 и1ыгъщ, адрейм зыри л1ыысыр-кыным. Абы сыт хуэдэ унафэ къыхуэф1ыхьуэрэ?

- Илъэс зыбгъупщ1, нэхъыбэ и пэк1э щ1ыр зратын ямыгъуэту ф1ыкIуэк1ащ. Пасэу къэзыщ1тахэм ящыщ куэдми, яхуэмыхьэу, зэщ1агъэк1жауэ щытащ. Ауэ щ1ым и П1алъэ зыщ1эхэм, а Iуэхум ерыщу евэзI ахэм я1ыгъэр зыхуэ1 ухагъэзэрэ, хьэр к1ыпIахьыу хуежьащ. Ар зыл1ьагъу зыкъом къэзыващ «дэрдызытелажьхьыхьи дыхуейщ», - жа1эрп. Щ1ы Iуэхур щ1ы1э хабзэм тету зыдогъак1уэ. Зи унагъуэ хадэр зыхуэмыхьэжхэм гъавэ щ1ап1э т1ахьыну мэныкъуакъуэ. Щ1ы къыдзлеек1и, хьэулеи, зэщ1эк1жауи ди1эжьым. Мыарэзыхэр к1ыщ1ытхуэк1уэк1э, ящ1эзо1э: «Мэкъумэш щ1ап1э къэзыщтахэм ар зэрал1агъыну п1ал1эр ик1а нэужь, аукцион къызыдогъэзэпI эщ. Хуей псори абы хэтыну хуитщ, фыщ1ытек1уэмэ, фхуэхьэнум хуэдиз фхуэхтынущ». Ди районым щ1ыпсэухэм я мызакъуэу, къэралым и дэнэ щ1ыпIи щ1ыщхэри а зэпеуэм хыхьэ хъунущ, ауэ сэ мыбы сыкъызэрык1уэрэ апхуэдэхэм сарихьэл1ак1ым.

- Тамбучкан гуэлым теухуауэ хъыбар зэхуэмыдэхэр къраxьэк1. Зэрыжа1эмк1э, районми, республикэми я Iуэху абы хэлъыжкъым.

- Тамбучкан гуэлым и зэхуэдитI ыр дыдейщ, адрейр Ставрополь щ1ынальэм хохьэ. Псори зэрыщ1тащ, зым зэрыужакъым. ЯтI э хущ1хьэк1э къулей а гуэлым щхьэк1э зыри къыдэнык1ыуэзыр-кым.

Епсэлъар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Амщокъуэ Хьэк1улинэ Уэлид и пхъур

Хьэлъэу сымэджа нэужь и ныбжьыр илъэс 81-нэм иту 2017 гъэм накъыгъэм и 3-м дунейм ехьжащ «Гуащ1эдэк1 Щ1ыхь» орденым и нагъыщ1э псори зи1э Амщокъуэ Хьэк1улинэ Уэлид и пхъур.

Амщокъуэ Хьэк1улинэ 1936 гъэм щыщхьэу1уэ и 1-м Вольнэ Аул къуажэм къыщ1ахъуащ. Хэку зауэшхуэм и гуащ1эгъэуэу ар 1943 гъэм курыт школ №12-м щ1эт1ысхьащ. 1950 гъэм мэкъумэш техникумым щеджэу хуежьащ, ауэ и адэр дунейм ехьэжри еджапI эм щхьэщ1эмык1ыжу хъуакъым.

1954 гъэм щегъэжьауэ Хьэк1улинэ пхъэщхьэмыщ1хьэ, хадэхэк1 щагъэк1 колхозым, Налшык консерв заводым щ1ылэжьащ. И ужьк1э пхъэщхьэмыщ1хьэ, хадэхэк1 щагъэк1, Ворошиловым и щ1эр зезыхьэ колхозым, 1960 гъэм «Налшык» совхоз ящ1ыжам, и жыг хадэ зеном и унафэщ1у ягъэуври, а I энатI эм илъэс 30-м щ1игъэк1э пэрытащ.

Лэжьыгъэм къащ1ихьэхулI эныгъэ инхэм папщ1э 1973 гъэм яп1э къэрал дамыгъэр «За трудовую доблесть» медалыр, 1976 гъэм «Гуащ1эдэк1 Щ1ыхь» орденым и ещанэ нагъыщ1эр къратащ. Технологие пэрытхэмрэ къэхутэныгъэщ1эхэмрэ къигъэсэбэпуэр мэкъумэш продукцэ къехьэл1нымк1э, абы елэжьынымк1э зэф1эк1ыщхъуэ къызэригъэлъэгъуам къыхэк1уу а орденым и етуанэ, яп1э нагъыщ1эр Амщокъуэ Хьэк1улинэ къыхуагъэфащащ 1981, 1990 гъэхэм.

Амщокъуэ Хьэк1улинэ илъэс куэдк1э КПСС-м и Налшык къалэ комитетым хэтащ, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм, депутатхэм я Налшык къалэ Советым я депутату хахащ. Иужьрей зэманым ар Вольнэ Аул хьэблэм и пэщ1эдзэ ветеран зэгъэзэныгъэм и унафэщ1у щытащ, ветеранхэм я республикэ, Налшык къалэ советхэм жьыджэру ядэлэжьащ, ветеранхэм я хуитынигъэхэр хъумэным, ахэр зыкуэф1зыхуэф1эмк1э къызэгъэпэщ1ыным, республикэм и щ1алэгъуалэр тэмэму гъэсэным къаруушхуэ ирихьэл1ащ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм папщ1э Амщокъуэ Хьэк1улинэ КъБР-м и Щ1ыхь тхыльыр къратащ.

Лэжьак1уэ гъэзэджэр, ц1ыху хьэлэмэтыр, щ1ап1эгъуалэм гупльэтэрэ гупапIэгъэрэ зэхьэпэ я гъэсак1уэр дз зэи тщыгъупщэнкъым.

К1уэк1уэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. Т I., Канунников В. А., Алэкъей А. М., Амщокъуэ Ф. Къ., Абдулаев М. К., Ахъуэхъу Т. Б., Берд Хь. А., Беппаев С. У., Бозий Н. М., Бspecial этокъуэ В. Хь., Говоров С. А.. Губин Г. С., Емуэ Н. Гъу., Жанатаев С. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Геляхов А. С., Канунников А. Д., Къэрмокъуэ Хь. М., Къуэдзокъуэ М. М., Нэхущ З. А., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тюбеев А.И., Федченкэ Л. М., ХьэфI ыщ1э М. М., Шыхъуэбахъуэ М. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан районым и прокурору Джатэ Рустам яг1уэуащ

Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокурорым 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м къыдигъэк1а унафэ №380-к-м ипкъ иткI э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан районым и прокурорым и къулыкъым илъэситху п1ал ъэхI э яг1уэуащ юстицэмк1э чэнджэщэгъуэ Джатэ Рустам Руслан и къуэр.

ДЖАТЭ РУСТАМ 1981 гъэм КъБР-м къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь 2003 гъэм республикэм прокуратурэмк1э и органхэм л1эжьэн щ1ыщ1идзащ. Налшык къалэм и прокуратурэм и следователь нэхъыжьу, Налшык къалэм и прокурорым и дэ1эпыкъуэгъу нэхъыжьу, адэк1э КъБР-м и прокуратурэм и къудамэм и прокурору къудамэм и прокурор нэхъыжьу, Лэскэн районымрэ Прохладнэ къалэмрэ я прокурорхэм я къуэдзэу, республикэм и прокуратурэм и къудамэм и унафэщ1ым и къуэдзэу, къудамэм и унафэщ1у, Аруан районым и прокурорым и къуэдзэу щытащ.

Унагъуэщ, бынитI и1эщ.

КъБР-м и прокуратурэ.

Хабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэщ лъэпкъыр зыхъумэр

● Шэрэдж щ1ыналъэ

Налшык и Ц1ыхубзхэм я советым къызэригъэпэща КъБР-м Щэнхабзэмк1э и фондым зэIущ1э щек1уэк1ащ. «Ар теухуат ди лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэным пыща гугъуехьхэм ц1ыхубзыр зэрепл1ым.

ЗЭIУЩ1ЭМ хэтащ Налшык и Ц1ыхубзхэм я советым, Налшык къалэ округым хиубыдэ къуажэхэмрэ жылагъуэхэмрэ я ц1ыхубз советхэм, ди лъэпкъэгъу къэI эпхъуэжахэм я ПлI ык1уэхэр, дин лэжьак1уэхэр, КъБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и щ1ыпI э къудамэм хэтхэр, къалэ администрацэм Щэнхабзэмк1э и управленэмрэ Егъэджэныгъэмк1э и департаментымрэ я унафэщ1хэмрэ I эщ1агъэлI эхэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым, КъБКъУ-м и педагогикэ институтымрэ медицинэмк1э колледжымрэ я егъэджак1уэхэмрэ студентхэмрэ, зи школ к1уэгъуэ мыхъуахэр зэк1уэлI э еджапI эхэр школхэмрэ щымащ1эжьым.

Дыджэш Лидэ къыхэгъэщащ мы зэIущ1эм и пэкъихуэу «Фи лъэпкъым и хабзэхэр фщ1эрэ?» щ1эупщ1э Налшык къалэ округым хиубыдэ еджапI э нэхъыщ1эхэмрэ, колледжхэмрэ зэрыщрагъэкIуэк1ыр. Псори зэхэту упщ1эхэм жуэап къратащ ц1ыхуи 119-м.

Iуэхум хэтахэм я зэхуэдитI ым къызэрал ытэмк1э, хабзэм ущыгъуаззэмэ, уи лъэпкъым и щэнхабзэр зыхэпщ1энущ, абы Хэкури фыиуэ уегъэлъагъу, ц1ыхум и зэхэщ1ык1ым зрегъэужь.

Упщ1э ягъувахэм жэуап къезытахэм ящ1ыщу 59-м къалытэ я бзэр к1уэду, 55-м зэрыжа1амк1э - я лъэпкъыбзэм зеужь. Ц1ыхуи 119-м ящ1ыщу 102-м жа1ащ я гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэхэм щымыгъуаззу, 13-м ятхащ - «Сщ1эну сыхуейкъым». Ар узыгъэпIейтейщ.

Iуэхум хэтахэм я нэхъыбэм яг1ирохь Къэбэрдей-Балъкъэрым хъущ1эхэм щык1эльэпсэрахьэ хабзэхэр.

«Уи лъэпкъым къыдек1уэк1 хабзэхэм урегушхуэрэ» упщ1эм и жэуап 83-м жа1ащ «хуабжьу срогушхуэ», 29-м - «пщ1э хузощ1».

Зэупщ1ахэм я нэхъыбэм я унагъуэхэм щыхущ1окъу хабзэр яхъумэным. Процент 40-м къызэралытэмк1э, хабзэфIэхэр, сыт фыуэ щ1эхэр адэ-анэхэм я бгъэдэмысу щ1ыхъуэу мэпсэу, аращи, щ1эблэр пэ1эщ1э мэхъу лъэпкъхэм къадек1уэк1 хабзэхэм. Къыхэдгъэщ1ыщи, нэхъыжьхэмрэ щ1эблэхэмрэ я зэпыщ1эныгъэр махэ мэхъу, щ1эблэ, гъуаз1э ямы1эу къоно, - жи1ащ филологие щ1эныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэмк1э Къэбэрсэлъыхьащ бзиплI зыIурылъ, сабийхэр къыщыхъу интернациональнэ унагъуэхэм.

Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ яхэлъхьэныкъмк1э Къэзанокъуэ Жэбагъы и ц1эр зезыхьэ Iуэхущ1апI эм и унафэщ1 **Къуныжь Айшэт** къызэхуэсахэр щыгъуаз1э ищ1ащ щ1эблэр пасэрей Iэщ1агъэхэм зэрыхуагъасэм, театрым, уэрэд жьы1эмрэ щыхурагъаджэ гупжьейхэм зэрыхэтым, Кавказым щызек1уэ хабзэхэр зэрырагъащ1эм.

- «Сэ фэ фыкъэзгъэщ1ащ1 ипкъ зэмыл1эужьыгъуэу, пщ1э адрейм къищ1эн папщ1э», - жи1ащ Тхъэш хуэм, - ягу къигъэк1ыжащ къызэхуэсахэм КъБР-м и Мусл ымэнхэм я дин Iуэхущ1апI эм и унафэщ1ым и дэ1эпыкъуэгъу **Амщыкъуэ Анжелэ**. Ар тепсэлъыхьащ Москва къыщыхалъхьа «Мусульмане, которыми гордится Россия» проектым ипкъ иткI э Нэгумэ Шорэ теухуа документальнэ фильм зэрырагъэкIуну.

Налшык къалэ щ1ыпI э администрацэм щэнхабзэмк1э и управленэм и унафэщ1 **Токъуий Мадинэ** къытеувыI ащ щэнхабзэмк1э Iуэхущ1апI эхэм сабийхэм зэрращ1ыдзэлажьэм.

Къызэхуэсахэм ф1ыщ1э хуащ1ащ Къ БКъУ-м и медицинэ колледжым и унафэщ1 **Пщыбий Светланэ**, а еджапI эм гъэсэныгъэ л эжьыгъэ щ1ыпIащ1афэ зэрыщрагъэкIуэк1ым папщ1э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ижь-ижьыж л эандэрэ щ1ыпсэу л эпхъуэхэм я къадек1уэк1 хабзэм теухуа литературэ-макъамэ телъэгъуэзэрэ къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ къалэм и сабий газ №95-м, №71-м и гъэсэн ц1ыкIуэм. Абыхэм яхэтащ артист ныбжьыщ1эхэм я адэ-анэхэрэ.

ЗэIущ1эм къыщ1ыхьэлъхьа жэрдэмхэр къызэщ1ак1уэжу республикэм и унафэщ1хэмрэ Налшык къалэ округым и Iуэхущ1апI эхэмрэ Iэрагъэхьэну зэгурыIуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ Соломоновэ Татьянэ** тепсэлъыхьащ.

Лэжьыгъэхэр зэпыуркъым

Щ1ыуэпсым и илъэсу ек1уэк1 2017 гъэм Къэбэрдей-Балкъэрым гулъытэ хэха щыхуащ1 псы ежьхэм.

АРУАН, Май щ1ыналъэхэр зэпызыщ1э Шэрэдж и Iуфэхэм л эжьыгъэр щызэпыуркъым. Псым пэмыжьыжьэу щыс жылагъуэхэм я Iэгъуэблагъэхэр хуабэ к1апэ к1ыызэрихьэрэ зэпыу имы1эу зэщ1агъэкъабзэ.

Зэрэгъэк. Псыгэнсу, Старэ Шэрэдж къуажэхэм хуэзэу Iуиль эсакIуэ щыта псыIущ1эхэр щ1эрыщ1эу зэгъэпэщ1ыжыным нэгъабэ и бжьыхьэм къыщыщ1эдзауэ йолажь. Псыр къыщыщ1эуэ Iуфэ нэхъ чэнжэм хуэзэу псы жапIэхэр нэхъ куууэ щыдатхъуи щ1ы1эщ.

Мы зэманым апхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкI Балъкъ, Тэрч, Лэскэн Iуфэхэм. Мы лэжьыгъэр базэуэгъэуэм ирихьэл1эу яухынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

БгыцIыкIуущхьэкIэ зэджэ Iуащхьэм деж

Ц1ыхур илъэс куэд яп1эк1э дунейм ехыжа щхьэк1э, л1ыгъэу хэлъар, къэралыщ1эр ухуэным гугъу зэрыдехьар пщыгъупщэ хъунукъым. Сэ зи гугъу щ1ыну сызыхуейр Псыгэнсу къуажэм къыщалъхуа, щап1э Фыщ1э Бемырзэщ. Ди жьлэм псэук1эщ1эр щ1ыхуэным абы къарууншхуэ ирихьэл1ащ.

1920 - 1921 ГЪЭХЭМ ди къэралыр тэмэму зэф1эувэтэкъым иджыри. Властыщ1эм и телъхъэ большевикхэмрэ абы и бий меньшевикхэмрэ махуэ къэс зэзауэрт, зэныкъуэкъуарт, зэрытемыгъак1уэу. Большевикхэм яхуэпэж, псэук1эщ1эр щ1ынальэм щ1ыхуэзыкIуэ Фыщ1э Бемырзэ меньшевикхэм хьэк1эльык1эр зэхьыщ1ыкъуэ, къуэдзэк1э КъБР-м и прокуратурэм и къудамэм и прокурору къудамэм и прокурор нэхъыжьу, Лэскэн районымрэ Прохладнэ къалэмрэ я прокурорхэм я къуэдзэу, республикэм и прокуратурэм и къудамэм и унафэщ1ым и къуэдзэу, къудамэм и унафэщ1у, Аруан районым и прокурорым и къуэдзэу щытащ.

Ц1ыхуэр илъэс куэд яп1эк1э дунейм ехыжа щхьэк1э, л1ыгъэу хэлъар, къэралыщ1эр ухуэным гугъу зэрыдехьар пщыгъупщэ хъунукъым. Сэ зи гугъу щ1ыну сызыхуейр Псыгэнсу къуажэм къыщалъхуа, щап1э Фыщ1э Бемырзэщ. Ди жьлэм псэук1эщ1эр щ1ыхуэным абы къарууншхуэ ирихьэл1ащ.

Къыщалъхуащ 1973 гъэм яп1э къэрал дамыгъэр «За трудовую доблесть» медалыр, 1976 гъэм «Гуащ1эдэк1 Щ1ыхь» орденым и ещанэ нагъыщ1эр къратащ. Технологие пэрытхэмрэ къэхутэныгъэщ1эхэмрэ къигъэсэбэпуэр мэкъумэш продукцэ къехьэл1нымк1э, абы елэжьынымк1э зэф1эк1ыщхъуэ къызэригъэлъэгъуам къыхэк1уу а орденым и етуанэ, яп1э нагъыщ1эр Амщокъуэ Хьэк1улинэ къыхуагъэфащащ 1981, 1990 гъэхэм.

Амщокъуэ Хьэк1улинэ илъэс куэдк1э КПСС-м и Налшык къалэ комитетым хэтащ, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм, депутатхэм я Налшык къалэ Советым я депутату хахащ. Иужьрей зэманым ар Вольнэ Аул хьэблэм и пэщ1эдзэ ветеран зэгъэзэныгъэм и унафэщ1у щытащ, ветеранхэм я республикэ, Налшык къалэ советхэм жьыджэру ядэлэжьащ, ветеранхэм я хуитынигъэхэр хъумэным, ахэр зыкуэф1зыхуэф1эмк1э къызэгъэпэщ1ыным, республикэм и щ1алэгъуалэр тэмэму гъэсэным къаруушхуэ ирихьэл1ащ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм папщ1э Амщокъуэ Хьэк1улинэ КъБР-м и Щ1ыхь тхыльыр къратащ.

Лэжьак1уэ гъэзэджэр, ц1ыху хьэлэмэтыр, щ1ап1эгъуалэм гупльэтэрэ гупапIэгъэрэ зэхьэпэ я гъэсак1уэр дз зэи тщыгъупщэнкъым.

К1уэк1уэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. Т I., Канунников В. А., Алэкъей А. М., Амщокъуэ Ф. Къ., Абдулаев М. К., Ахъуэхъу Т. Б., Берд Хь. А., Беппаев С. У., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Говоров С. А.. Губин Г. С., Емуэ Н. Гъу., Жанатаев С. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Геляхов А. С., Канунников А. Д., Къэрмокъуэ Хь. М., Къуэдзокъуэ М. М., Нэхущ З. А., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тюбеев А.И., Федченкэ Л. М., ХьэфI ыщ1э М. М., Шыхъуэбахъуэ М. Хь.

МЭКЪУАУЭ Iэмырбий,

Iэжьыгъэм и ветеран.

Псыгэнсу къуажэ

Улахуэхэм хэхъуэну?

● Лэжьапщіэ

Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий пщэрылъ ищІащ лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэр (МРОТ) цІыхур зэрыпсэуфыну къащта бжыгъэм хуэгъэкІуа зэрыхъунум теухуа унафэм и проект ягъэхьэзырыну.

ИЛЪЭС блакІам УФ-м и Правительствэм зэфІиха лэжьыгъэм щыхэплъэжа зэІущІэм кърикІуахэм къыщащта къалэнхэм къыщыхьащ накъыгъэм и 20 пщІондэ унафэм и проектыр Лэжьыгъэмкіэ, Финансхэмкіэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкіэ министерствэхэм зэхаГъэувэн хуейуэ.

2015 гъэм кърикІуахэм теухуауэ нэгъабэ Къэрал Думэм щита отчётым Медведевым щыжиІат МРОТ-р цІыхур зэрыпсэуфыну къащта бжыгъэм нэс къэІэтын хуейуэ. «2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ МРОТ-р сом 7800-м нэс хэхъуэнущ, дызыхуэхкІуэ илъэс зыбжанэм цІыхур зэрыпсэуфынум хуэкІуэнущ. Ар дгъэзэщІэн щхьэкІэ Іэмал псори диІэщ. Абы къыщІэупщІащ «Урысей зэкъуэтым» хэт си лэжьэгъуэхэр», - гу лъаригъэтат Медведевым Къэрал Думэм щІэсхэм.

Къэдгъэлъэгъуэнщи, иджыпсту Урысейм МРОТ-р зэрыщыхъур сом 7800-рэщ, цІыхур зэрыпсэуфынур сом 11000-щ.

НИКОЛАЕВ Павел.
«Ведомости»


Силуанов Антон

● Мылъку

Япэ махуэм кърикІуамкІэ арэзыщ

Урысей Федерацэм Финансхэмкіэ и министерствэр ириплъэжащ мэлыжьыхьым и 26-м япэу цІыхухэм ираща къэрал щІыхуэм и облигацэхэм (ОФЗ) къыпэкІуам. Япэ махуэ дыдэм апхуэдэу ящэхуащ сом мелуан 696,807-рэ и уасэ. Егъэжьэкіэр Минфиным игу ирихьащ.

ОБЛИГАЦЭХЭР зыщэну хуитыныгъэ зрата банкхэм зэрыжаІамкІэ, тхыльымпІэ ящам нэхърэ нэхъыбэ щІэупщІэу щыІащ, арщхьэкІэ цІыхухэм дэфтэрхэр тэмэму зэрамыгъэхъэзырам къыхэкІыу псоми ОФЗ-р къахуэщхуакъым.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ физическэ цІыхухэм къэрал щІыхуэм и облигацэхэр къыщащэхуфынущ Хъуманпіэ банкымрэ ВТБ 24 банкымрэ къэрал псом щалэ я къудамэ 1400-м.

Финансхэмкіэ министр Силуанов Антон нэхъапэІуэкІэ зэрыжиІам тепщІыхьмэ, илъэсыр иухыху къэралым къыдигъэкІ облигацэхэм я бжыгъэр хуэдитІкІэ хигъэхъуэнущ икІи ар сом мелард 30-м хуигъэкІуэфынущ, апхуэдэ щІэупщІэ иІэмэ. ОФЗ-м хэхъуэу иІэнущ илъэсым хуэзэу проценти 8,5-м къыщыщІэдзауэ. Къэралым щыщыІэну хуагъэфащэ инфляцэм нэхърэ ар хуэдитІкІэ нэхъыбэщ. Облигацэхэр илъэсиц пІалъэ иІэу къыдагъэкІ икІи абы къинщІ процентхэм налог техьэнукъым.

Силуановым и псалъэхэм къызэрыщхъащамкІэ, иджырей Іэмэпсымэр адрейхэм къаузэрыщхъащкІыр умыдзыхьу дзыхь хуэпщІ зэрыхъунурщ. Къыщынэмыщіауэ, облигацэхэм къапэкІуэ хэхъуэр адрей банкхэм я депозитхэм нэхърэ нэхъыбэнущ.

«Иджыпсту къыщІэдгъэкІ Іэмэпсымэр илъэсищым тещІыхьащ. Илъэс ныкъуэ къэс зэ къыдэкІыгъуэ щыІэнущ», - жиІащ министрым икІи дыщІигъужащ инвесторым илъэсищыр иримыкъу щыкІи и мылъкур къыхихыжыну Іэмал зэриІэр, ауэ абы щыгъуэм тхыльымпІэхэм къыпэкІуэну хэхъуэр нэхъ мащІэу зэрыщытынур.

«Хэхъуэр ефІэкІынущ коммерческэ банкхэм я депозитхэм, уеблэмэ, нэхъыфІу щытынущ иджыпсту рынокым къыщІэкІуэкІ адрей ОФЗ-хэм. Іэмэпсымэр нэгъэсауэ зэрыуБзыхуам и фыыгъэкІэ, дэ дызэрепльымкІэ, ар хэлъхьэныгъэ гъэщІэгъуэн хъунущ», - къыхихыгъащ Силуановым.

Япэ къыдэкІыгъуэр сом мелард 20 хъунущ, зы тхыльымпІэ къэс 1 сом мин и уасэ.

«Зы къыдэкІыгъуэм щыщу инвесторым къищэхуфынущ сом мин 30-м къыщыщІэдзауэ сом мелуан 25-м нэс», - жиІащ абы. Бжыгъэр убзыхуауэ зэрыщытым теухуауэ Силуановым къыхигъащІ, ар зэлъытар цІыхухэм банкхэм щаІэ хэлъхьэныгъэм и куэдгъэрауэ зэрыщытыр.

«ЦІыхухэм яхуэгъэзауэ къыдэдгъэкІ облигацэхэр зэрылэжьну щхьэусыгъуэхэм абыхэм я еплъыкІэм теухуауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэтлъхьэнущ. Іэмэпсымэр рынокым хэтхэм - инвесторхэм зэрафІэтынш щыкІэм хуэдгъэкІуэнущ», - дыщІигъужащ абы.

Финансхэмкіэ министрым зэрыжиІамкІэ, ОФЗ Іэмэпсымэр езы дыдэм фІэгъэщІэгъэнущ.

«Апхуэдэ хэлъхьэныгъэхэр сщІынущ а Іэмэпсымэр зэрылажьэр си щхьэкІэ зыхэсщІэн папщІэ. Шэч къытесхьэркъым, мы Іэмалым щІэупщІэ зэриІэнум, мыр дзыхь зыхуэпщІ хъун хэхъуэ къызыпэкІуэн хэлъхьэныгъэщ, - жиІащ абы. - Мы тхыльымпІэхэр къэфащэу, фыщІегъуэжьынкъым».

ПЕТРОВ Денис.
«Известия»

УвыпІэ щхьэхуэ щеубыд

● Зэпсэлъэныгъэхэр

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимирэ Японием и премьер-министр Абэ Синдзорэ тхьэмахуэ блэкІам Кремлым щызэхэщІащ. Лъыщхьэхэм и гугъу ящІащ лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэхэмрэ дунейм къыщыхъуэхмрэ. Урысейм и унафэщІым я псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, зэпсэлъэныгъэхэр купщІафІэу екІуэкІащ икІи щыхьэт техьуащ Мэзкуурэ Токиорэ зэдэлэжьэну, зым адрейм и еплъыкІэхэр къилъытэурэ я зэхуаку къыдэхъуэ Іуэхугъуэхэр зэхаГъэкІыну зэрыхуейм.

Политикэ зэпсэлъэныгъэхэр щІагъэхуабжьэ

«ЗанщІэу къыхэзгъэщынщи, Урысейми Япониеми къагъэлъэгъащ адэкІи щытыкІэр зэрефІэкІуэнум зэрыщыгугъыр къэзыгъэлъэгъуа Абэ.

Урысейм и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм хьыбар къызэритамкІэ, зэрыгъэдэлэжьэфыну унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр ящыІэнущ. Курил Ипщэм ягъэкІуэнущ япон къуалыкъущІэхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмкІэ зэхэгъэува гупыр. «Дэ арэзы дытехъуащ правительствэмрэ щхьэзакъуэ цІыхухэмрэ зыхэт хъехутакІуэ гуп абы дгъэкІуэну», - щыхьэт техъуащ Япониемрэ и премьер-министрыр. Абы къыхигъэщащ, лъэныкъуитІыр аква щанхабзэмрэ туризмэмрэ ехьэлІа унэтІныгъэхэмкІэ проектхэр ягъэзэщІэну зэрамурадыр, къыщыжымыщІауэ, Курилхэм я лэжьыгъэр щызэтрагъэувэну зи мурад япон цІыхухэм апхуэдэ Іэмалхэр къызэрыхузэрагъэпэщынур.

Лъэныкъуэ куэдкІэ зауж

Урысейм и унафэщІым арэзыуэ къыхигъэщащ экономикэ унэтІныгъэмкІи зэпыщІэныгъэхэр къызэрыщІэрэщІэжыр. «Гуапэщ, ехуэх зэпыту екІуэкІа лъэхъэнэм иужькІэ экономикэ зэпыщІэныгъэр зэпІэзэрытыныгъэм хуэкІуэж зэрыхъуар. Мы гъэм и щыышлэ - мазае мазэхэм къэралитІым зэхуаІэ сатум зиужьащ», - жиІащ абы. УФ-м Япониемрэ Япониемрэ я стратегие унэтІныгъэхэм теухуауэ щыІэ зэгурымыІуэныгъэхэр мамырыгъэкІэ зэрызэхэгъэкІыпхъэм, ар къэралитІым я цІыхухэм къащтэн зэрыхуейм», - жиІащ урысей Лъыщхьэм. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, а унэтІныгъэм тету ахэр зэгурыІуащ Курил Ипщэм зэгъусэу щалэжьыну Іэхэугъэхэм я унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэмкІэ. Путиным ягу къиГъэкІыжащ 2016 гъэм и дыгъэгъазэм Токиорэ Нагатэрэ я Іуэхугъуэм щытепсэлъыхьауэ зэрыщыгтар.

«Владимир, сыщалъхуа Нагатэ къалэм дэ къыщытІэтауэ щытащ мамырыгъэ зэгурыІуныгъэр дэ езым ди Іэкіэ зэпІэзэрыт тщІын зэрыхуейм. Абы лъандэрэ мазиплІ дэкІащ, икІи сэ, си псалъэм сытетхыжу, Мэзкуу сыкъэкІуащ. А лъхъэнэм къыриубыдзу ди зэхуэдэ мурадыр дгъэзэщІэным лъэбакъуэ быдэхэр хуэтчащ», - жиІащ адэкІи щытыкІэр зэрефІэкІуэнум зэрыщыгугъыр къэзыгъэлъэгъуа Абэ.

Урысейм и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм хьыбар къызэритамкІэ, зэрызэдэлэжьэфыну унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэр яубыдзыхун папщІэ Курил Ипщэм ягъэкІуэнущ япон къуалыкъущІэхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмкІэ зэхэгъэува гупыр. «Дэ арэзы дытехъуащ правительствэмрэ щхьэзакъуэ цІыхухэмрэ зыхэт хъехутакІуэ гуп абы дгъэкІуэну», - щыхьэт техъуащ Япониемрэ и премьер-министрыр. Абы къыхигъэщащ, лъэныкъуитІыр аква щанхабзэмрэ туризмэмрэ ехьэлІа унэтІныгъэхэмкІэ проектхэр ягъэзэщІэну зэрамурадыр, къыщыжымыщІауэ, Курилхэм я лэжьыгъэр щызэтрагъэувэну зи мурад япон цІыхухэм апхуэдэ Іэмалхэр къызэрыхузэрагъэпэщынур.

Лъэныкъуэ куэдкІэ зауж

Урысейм и унафэщІым арэзыуэ къыхигъэщащ экономикэ унэтІныгъэмкІи зэпыщІэныгъэхэр къызэрыщІэрэщІэжыр. «Гуапэщ, ехуэх зэпыту екІуэкІа лъэхъэнэм иужькІэ экономикэ зэпыщІэныгъэр зэпІэзэрытыныгъэм хуэкІуэж зэрыхъуар. Мы гъэм и щыышлэ - мазае мазэхэм къэралитІым зэхуаІэ сатум зиужьащ», - жиІащ абы. УФ-м Япониемрэ Япониемрэ я стратегие унэтІныгъэхэм теухуауэ щыІэ зэгурымыІуэныгъэхэр мамырыгъэкІэ зэрызэхэгъэкІыпхъэм, ар къэралитІым я цІыхухэм къащтэн зэрыхуейм», - жиІащ урысей Лъыщхьэм. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, а унэтІныгъэм тету ахэр зэгурыІуащ Курил Ипщэм зэгъусэу щалэжьыну Іэхэугъэхэм я унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэмкІэ. Путиным ягу къиГъэкІыжащ 2016 гъэм и дыгъэгъазэм Токиорэ Нагатэрэ я Іуэхугъуэм щытепсэлъыхьауэ зэрыщыгтар.

«Владимир, сыщалъхуа Нагатэ къалэм дэ къыщытІэтауэ щытащ мамырыгъэ зэгурыІуныгъэр дэ езым ди Іэкіэ зэпІэзэрытщІын зэрыхуейм. Абы лъандэрэ мазиплІ дэкІащ, икІи сэ, си псалъэм сытетхыжу, Мэзкуу сыкъэкІуащ. А лъхъэнэм къриубыдзу ди зэхуэдэ мурадыр дгъэзэщІэным лъэбакъуэ быдэхэр хуэтчащ», - жиІащ

● Текіуэныгъэ-2017

Парадым зыхуагъэхьэзыр

Текіуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьелІэу щыІэну парадым хэтынухэм я етІуанэ зыгъэхьэзырыныгъэр накъыгъэм и 3-м Мэзкуу щекІуэкІащ. Къалащхьэм щыпсэухэм Іэмал ягъуэтащ дзэ техникэм гъунэгъуу еплъыну, сурэт трахыну. Сыхьэт зыбжанэкІэ щыхухэр метр зыбгъупщІкІэ фІэкІа пэмыжыжьэу бгъэдэтащ Т-14 «Армата» танкым, «Искандер-М» ракетэ комплексым.

ДЗЭ автомашинэхэм я колоннэр «Маяковская» метром къыщыщІэдзауэ «Охотный ряд»-м нэс укъуэдияуэ щытащ. Ешы зыгъэсэныгъэхэм щыщІадзар сыхьэт 22-рщ.

Парадым и пэдзыж Іыхьэр къызэІуахащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм щыІа фащэхэр зыщыгъ сэлэтхэм. Абыхэм къакІэлъыкІуэу Ут Плъыжьым ирикІуащ часть щхьэхуэхэм я офицерхэр, сержантхэр, сэлэтхэр, дзэ училищэхэм я курсантхэр.

Апхуэдэу Мэзкуу дэтащ механизированнэ колоннэр. Абы хэтащ «Тигр» автомобилхэр, БТР-хэр, Т-90 танкхэр, дзэ техникэм щІэуэ къыхьыхьахэр.

Къалащхьэм щекІуэкІынущ жэщ зыгъэсэныгъитІ. КъыкІэлъыкІуэу Мэзкуу и уэрамхэр зэхуащІынущ накъыгъэм и 7-м. А жэщым махуэшхуэм зэрыхуэхьазырыр къапщытэнущ бронетехникэмрэ ракетэдзэмрэ. Парадым хэтынухэр ежьынущ пщэдджьыжьыр сыхьэти 6-м.

Къыхэдгъэщынщи, Ут Плъыжьым накъыгъэм и 9-м щекІуэкІыну парадым щагъэлъэгъуэнущ дзэ техникэу 100: Т-90А, Т-14 «Армата» танкхэр, лъэсыдзэм я дзэ машинэ БМП-3-хэр, «Курганец»-хэр, «Мста-С», «Коалиция-СВ» гаубицэхэр, «Бук-М2» зенит-ракетэ комплексхэр, «Ярс», «Искандер-М» ракетэзешэхэр, нэгъуэщІ Іэщэ лІэужьыгъуэхэр.

Къэралым и Ут Нэхъыщхьэм щхьэпрылъэтынущ къхуэхльатэрэ вертолёту 71-рэ. Абыхэм яхэтынущ Су-35 истребителхэр, Су-34 истребитель-бомбэзехьэхэр, Су-24М фронт бомбэзехьэхэр, МиГ-31БМ, Ту-95МС, Ту-160М, Су-25-рэ штурмовикхэр, вертолётхэу Ми-28Н, Ка-52. Лъэсу Ут Плъыжьым ирикІуэнущ зауэлІ мин 10-м щІигъу.

«Пресса сегодня» интернет хъыбарегъащІэ ІэнатІэ.

«Адмирал Кузнецов»-р зэрагъэпэщыж

Кхъулъатэзехьэм и зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм щІадзэнущ 2017 гъэм и фокІадэм. ЇэщІагъэлІхэм къызэрабжамкІэ, абы текІуэдэнущ сом мелард 40-м щІигъу.

Зыхъумэжыныгъэ

«ФОКІАДЭ мазэм «Звёздочка» заводым тенджьыз флотым зэгурыІуэныгъэ ирищыІэнущ къхуэхльатэзехьэ «Адмирал Кузнецов»-м и зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыригъэкІуэкІынумкІэ, - жиІащ хъыбарегъащІэ ІэнатІэм къепсэлъа зыхъумэжныныгъэ-промышленнэ комплексым и лэжьакІуэм. - ЗэгурыІуэныгъэм уасэу хуагъэуващ сом мелард 40-м щІигъу. Лэжьыгъэхэм а мазэ дыдэм щыщІадзэнущ къхуэхльэр щызэрагъэпэщыж заводу Мурманск пэмыжьжьэу щыІэ Росляковэ къалэм дэтым». Псэльэгъуэм зэрыжиІамкІэ, къхуэхльатэзехьэр зэфІэгъэувэжыным, иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр 2020 гъэм и еппланэ кварталым ирихьелІэу зэфІэкІынущ.

ХъыбарегъащІэм и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, къхуэхьм щызэрахьэжыкІэ и электромеханикэ пкъыгъуэ псори. Двигателим и хьэку зыбжанэр ящрахынурэ нэхъыфІ ирагъэувэнущ. Апхуэдэу къхуэхльатэхэр щыІатэ-къыщытІыс комплексыр ирагъэфІэкІуэнущ. «Зэгъэпэщыжыныгъэ-егъэфІэкІуэныгъэ лэжьыгъэхэм хьыхьэу крейсерым ит «Гранит» ракетэ комплексыр зэрахъуэжыкІнущ иджырей «Калибр-НК» Іэщ1мкІэ».

Къхуэхльатэм и авиагупыр нэхъапэми хуэдэу, зэхэту зэхэнэжьынущ. Абы тетынущ Су-33 истебитель хьэпсъуэхэри МиГ-29К/КУБ псынщІэхэри.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, «Адмирал Кузнецов»-р Урысейм и къхуэхльатэзехьэ закъуэщ. Ар псым траутІыпщхьауэ щытащ 1985 гъэм, нэсу лэжьэн щыщІидзар 1990 гъэрщ. Абы и кІыхьагъщ метр 305-рэ, и бгъуагъыр метр 72-рэ мэхъу. «Кузнецов»-р зэщІэуэздащ «Гранит» ракетэхэмкІэ. Абы къызэдришэкІыфынущ истребитель 30-м нэблагъэ, вертолету Ка-52К, Ка-27, Ка-29-хэр.

Щыкурытыхьм тету нэгъабэ «Адмирал Кузнецов»-р Урысейм и къхуэхльатэзехьэ закъуэщ. Ар псым траутІыпщхьауэ щытащ 1985 гъэм, нэсу лэжьэн щыщІидзар 1990 гъэрщ. Абы и кІыхьагъщ метр 305-рэ, и бгъуагъыр метр 72-рэ мэхъу. «Кузнецов»-р зэщІэуэздащ «Гранит» ракетэхэмкІэ. Абы къызэдришэкІыфынущ истребитель 30-м нэблагъэ, вертолету Ка-52К, Ка-27, Ка-29-хэр.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

ШЫБЗЫХЪУЭ Басир: Лъэпкъращ театрыр зейр



● Дифі догъэлъапіэ

***Республикэм и театр, кино гъуазджэм и зыужьынылъэм хэлъхьэныгъэфі хуэзыщІахэм ящыщщ УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Щоджэнщ!ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр пажэ Шыбзыхъуэ Басир. И ныбжьыр илъэ 65-рэ щрикъум ирихьэлІэу, зи лэжьыгъэхэр куэдым гунэс ящыхъуа актёр цІэрыІуэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къедгъэблагъэри, и гъащІэмрэ лэжьыгъэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьащ.**

- Басир, театр гъуазджэм ухыхьащ удихьэха зэрыхъуар тфІэгъэщІэгъэнщ.

- Театр гъуазджэм зэрымыщІэкІэ сыхыхьа хъуащ. Си лэжьэгъу КІэмыргуей Валентинрэ сэрэ Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапІэ №10-м дэзыдыщІэсащ. ЕджапІэр къыщыдухым, Валентин и хъуэпсапІэт артист Іэщ!агъэм хуеджэну. Щукин Борис и цІэр зэрихьэу Москва дэт институтым и адыгэ студием щрагъэджэнухэр Налшык къыщыхахьу щызэхихым абы сыкъызджшащ. Ерчэн Леонид гу къысІлътэри, си ныбжьэгъэм щыгъуу, ауэ сытми сызэрыкІуам емыдаІуэу, залымыгъэкІэ си цІэ-уэнэцІэри итхащ. Зы тхьэмахуэ хуэдэ дэкІаеу, Налшык къикІыу Валентинрэ сэрэ письмо къытхуэкІуащ. Абы итт тедгъэзэн хуейуэ, япэ Іыхьэм драгъэблагъэу. Зы зэмылъэхьэзыраУэ сыкІуати, хъу-мыхъуми зыгуэрхэм сыкърагъаджэри, сыкъыщІагъэкІыжащ. Зыри къызэрымыкІынур къызгурыуати, сыкІуэжыну зызгъэхьэзыращ. Курыт еджапІэм ди класс унафэщІу щытар ди гъуэсти, Валентин и Іуэхур зэфІэкІыжу зытІэжьэн хуейуэ жиІащ. Апхуэдэущ дыздыпэплъэм, тІуми сыхьэтитІым тедгъэзэжьну къытхуагъэуващ. Япэ Іыхьэм дыпхыкІаУэ къыщІэкІащ. Экзаменхэм я етІуанэ, ещанэ Іыхьэхэр езыгъэкІуэкІар Москва къыкІэ егъэджакІуэхэрт. Си насыпым кърихьэкІри, сыкІуэцІрыкІащ. ФокІадэм Москва еджакІуэ зэгъуэгу дыкІуащ.

- Москва фыз эрыщыщІа илъэситхум къриубыдэу театр гъуазджэм и щэхуэхэм фыкъэзыгъэгъуэза егъэджакІуэхэм я цІэ къоз-гъэІуэнут.

- Ахэр хуэщ мэхъу. Институтым дыщезыгъэджахэр цІыху Іущ защІэт икІи хуабжьу сахуэарэзыщ. Апхуэдэхэт ди студием и художественнэ унафэщІу щыта Коленовский Леонид, ди егъэджакІуэхэу Львовэ Верэ, Ширвиндт Александр, Буров Альберт, Шлезингер Владимир, Авшаров Юрий, Калинин Иринэ сымэ. Адыгэ студием щеджэхэр илъэсищкІэ практикэ дыщыІащ Вахтангов Евгений и цІэр зезыхьэ театрым. Ди насыпт кърихьэкІащ а театрым и актрисэ нэхъ цІэрыІуэу къалъытэ, «Принцесса Турандот» спектаклым ЯпэІ дыдэу роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщІа Мансуровэ Цецилие, Щукин Борис и щхьэгъусэ Шухмина Татьянэ, Максаковэ Людмилэ сымэ дадэлэжьэну. Апхуэдэу актёр цІэрыІуэхэу Ульянов Дмитрий, Лановой Василий, Яковлев Александр сымэ, нэгъуэщІхэми я гъусэу утыку дитащ.

- Налшык къэвгъэзэжа нэужь, Щоджэнщ!ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьыгъэм щІалэгъуалэр дауэ фыхэзэгъа?

- Абы щыгъуэ ди адыгэ театрым щІалэгъуалэт зыхуэныкъуэр, Москва адыгэ студие щрамыгъаджэу илъэс 20-кІэ зэпагъэуати. Къэдгъэзэжа нэужь, дауи, занщІэу роль нэхъыщхьэхэр псоми къытхуагъэфощакъым. Нэхъыбэу къытт!ысыр щІалэгъуалэм я ролхэрт. Ди ягъ ита, дэркІэ щапхъэ ди нэхъыжьыфІхэр лажьэрти, щхьэж къызэрехьулІэм хуэдэурэ, хуэмурэ дыхэпщІащ. ЯпэщІыкІэ Токъуий Хьусен, Болэ Мурат сымэ я гъусэу зы роль къызатурэ дублёру сыджэгуащ. ИужькІэ щхьэхуэу къыспІыс хъуащ.

- Щапхъэ фхуэхъуа, фызыдэплъея нэхъыжьыфІхэр, дауи, театрым и гъунэжт а зэманым.

- Ди насып къекІэрэхъуэкІри, адыгэ театрым зезыгъэужьа ди нэхъыжьыфІхэу Болэ Мурат, Сонэ Мухьэрбий, ДышэкІ КІунэ, Токъуий Хьусен, ТІыхьэжь Алий сымэ я къару илъыгъуэу щІалэгъуалэр дыкърихьэлІэжри, дадэлэжьащ. Абыхэм лэжьыгъэфІхэр зэрадэтщІам дрогушхуэ. Ахэр Москва и артист нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм зыкІи къакІэрэхуртэкъым.

- Басир, ущыджэгуа художественнэ фильмхэм, телефильмхэм, спектаклхэм цІыхухэм ягу къинэжа роль куэд къыщІэхъуІащ. Уэ нэхъ гугъу узыдехьахэм, гукъинэж пщыхъуахэм я гугъу къытхуэщІыт.

- Гукъинэжт «Вершины не спят», «По следам Карабаира», «Снег в сентябре», «Дело чести» художественнэ фильмхэр, Лермонтов Михаил и «Аул Бастунджи», «Измаил-Бей», «Демон» поэмэхэм къытращыкІа телефильмхэм сызэрыщыджэгуар, нэгъуэщІхэри.

Театрым щызыщІа ролхэми зытезгъэгуэ хъунукъым, ди нэхъыжьыфІхэм роль гукъинэжхэр, лэжьыгъэфІхэр ядэзыщІахэм сащыщщи. Абыхэм хуабжьу сахуэзарэзыщ. Режисёр куэдми садэлэжьащ. Ролхэм я гугъу щыпщІкІэ, къыхэгъэщыпхъэщ роль цІыкІу е ин, гугъу е тынш зэрыщымыІэр. Дэтхэнэми зэхуэдэу уолэжь, нэгъуэщІ цІыхум и гъащІэм упхыкІын, абы и гупсысэр, и дуней еплъыкІэр хъэбгъэлъэгъуэн хуей мэхъури. Актёр лэжьыгъэр тыншу къызыщыхъуэр си гъусэу театр утыкум дакъыкьитху къудей итмэ, ар зыхуэдэр къагурыІуэнущ. Ар щІыжьісІэращи, гугъу удемыхьу зыри къохъулІэркъым.

Театрым и художественнэ унафэщІ къулыкъур си пщэ дэсхьажа нэужь, Лэжьыгъипліым сыхэтащ. Аэр Фырэ Руслан игъэуа «Пащтыхьымрэ пащтых гуащэмрэ», «Уна-гъэпІэ», Теувэжыкъуэ Владимир и «Диплом», «Унэидзыхь» спектаклхэрщ. Абыхэм роль нэхъыщхьэхэр щызгъэзэщІащ. Дызыхэта театр фестивалхэм а спектаклхэм цІыхухэу роль нэхъыфІхэр щысщІауэ ящыщІалъытащ икІи щІыхь тхьлъхэр къыщысхуагъэфэщащ.

- Артистым и зэфІэкІыр къэзыгъэнаІуэ режиссёрым бгъэдэлъ Іэзагъэм куэд елъытащ. Абы и лъэныкъуэкІэ узыдэлэжьахэм ящыщу хэт сымэ я цІэ нэхъ къипІэнт?

- Республикэм и режиссёр куэдым сфІэфІу садэлэжьащ. Ерчэн Леонид лэжьыгъэшхуэ дэсщІащ. Абы игъэува «Епщыкіущанэ председатель», «Сэлэтхэр» спектаклхэм папщІэ саугъэт щхьэхуэ къытхуагъэфэщащ уцыгъащ. Теувэж Сультан «Къанщобийрэ Гуащэ-гъагъэрэ», «УпщІэ фІыцІэ» спектаклхэми роль нэхъыщхьэхэр щызгъэзэщІащ. Теувэжыкъуэ Владимири лэжьыгъэфІ зыбжанэ дэсщІащ. Нэхъыбэрэ сызыдэлажьар Фырэ Руслани. Дышэдеджа зэманым щыщІэдзауэ абы игъэува спектаклхэм сыхэтащ. Иужьрейзэм ящыщщ Грозный Иван и ролыр щызгъэзэщІа «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклыр. Ди дуней еплъыкІэ, ди акъыл зэтехуэу къыщІэкІынущ, тынш дыхэдолажьэри, дызэгуроІуэри. Режиссёрымрэ актёрымрэ я зэхуаку Іэмал имыІэу апхуэдэ зэгурыІуэ дэлъын хуейщ.

Дэтхэнэ режиссёрми езым и Іуэху бгъэдыхьэкІэ, еплъыкІэ иІэжщ. Абы и гупсысэр утыку изыхьэфыну, ар зыгъэкІуэтэфыну актёрыфІ имыІэмэ, къаруушэу, и гупсысэр къэнжауэ аращ. Ар щІыжьісІэращи, лэжьыгъэфІ къайхъулІэн папщІэ а тІур зэгурыІуэн хуейщ. Режиссёрыр актёрым икІи и егъэджакІуэщ, икІи и щхьэгъусэ утыку изыхьэфыну, ар зыгъэкІуэтэфыну актёрыфІ имыІэмэ, къаруушэу, и гупсысэр къэнжауэ аращ. Ар щІыжьісІэращи, лэжьыгъэфІ къайхъулІэн папщІэ а тІур зэгурыІуэн хуейщ. Режиссёрыр актёрым икІи и егъэджакІуэщ, икІи и ущиякІуэщ. Абы Іэмал куэд къыгъэсэбпэрэ и Іуэхуэкъэ, и гупсысэкъэ пхегъэкІ.

- Къэбэрдей театрым и лэжьакІуэхэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу, зым Іэпыкъуэ адрейм къыщІэхъу, щІэблэм нэхъыжьхэр фращащІэхъуэ фызэзгъэзэдлажьэм сыщыгъуазэщ.

- Зэдеджакэр 70 гъэхэм лъандэрэ дызэдолажьэри, зы унагъуэшхуэм хуэдэу дыкъызэдгъуэгурыкІуэ. Ди япэ ита нэхъыжьхэр дыпэмыплъэхъаУэ зэуэзэпсэу тщхьэщыкІри, дэ гупыр театрым и нэхъыжь дыхъуащ. Зэдзэлъхуэзышыпхъум хуэдэу гъунэгъу дыззэхуэхъащ. ЛэжьыгъэфІ къызэхъулІэм дыщогуфІыкІ. ЗыгуэркІэ зыр адрейм сэбэп дыхуэхъуфмэ, ди гуапэщ.

МыдэкІэ къытхьха щІалэгъуалэм я зэфІэкІым дрогуфІэ, дрогушхуэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр я псэукІэкІэ, лэжьапщІэкІэ тІэкІу гугъу йохь. Нэхъыщхьэр лэжьыгъэм зи гур хуэкъабзэ щІалэгъуалэ дахэ къызэрытщІэувэрщ. Абыхэм я Іуэху дэкІыну, сыт и лъэныкъуэкІи екъулІэныгъэ яІэну сахуохъуапсэ.

- Нэхъапэхэм нэгъуэщІ щІыналъэхэм спектаклхэр фшэуэрэ вгъэлъагъуэрт. Фыздэщыіа щІыпІэхэм ящыщу нэхъ фигу къинэжахэм я гугъу къытхуэщІыт, Басир.

- Совет зэманым гастроль Іуэхур нэхъ зэпэщт. Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм нэхъ мащІэ дыдэу тхьэмахуитКІэ дыкІуэфырт. Езыхэри апхуэдэу къыткІэлъыкІуэу, зыр адрейм хьэщІагъэ кІэлъызетхьэу, дызэдэІэпыкъуэ апхуэдэт. Иджы махуитІ-ще нэхъыбэ зы тщыгъупщэжхьым. Гуапэу драгъэблагъащ икІи дагъэльапІащ. Дэри иужькІэ кьедгъэблагъэжри апхуэдэ гулъытэрэ пщІэрэ яхуэтщІыжащ. Театр гъуазджэм, щэнхабзэм и фІыгъкІэ, лъэпкъхэр нэхъ дызэрыщыхуртэ, ди зэныбжьэгуГъэм зиубгъурт. Абы щыгъуэт щызэхэтщІар апхуэдэу абхъазэхэр дызэриГъунэгъумрэ дызэриблагъэмрэ. Спектакль зыбжанэ яхуэтшащэу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджы апхуэдэ зэфІэкІ диІэжкъым.

- Актёр Іэщ!агъэм ухуеджэни абы хуебгъэдэжнуи тыншкъым. Апхуэдэу щытми, уэ тІури хъарзынэу зэбгъэхъулІащ.

- Дызрикіуа актёр гъэгуанэр гугъущ. Иджы абы хуеджэхэри тыншу схужьІэнукъым. Къыхэзгъэщынуи сызыхуейращи, актёр Іэщ!агъэм ухуеджэ къудейкІэ зэфІэкІыжыркъым. Тхьэм зэфІэкІ къыббгъэдимыльхьамэ. ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Индхъэрэ къэрал институтым актёр Іэзагъэм щыхагъэгъуазэ и кафедрэм курсиплІ щезгъэджащ. А гупиплым хэсахэм я нэхъыбэр иджыпсту ди республикэм и театрхэм щоладжьэ.

КъБКъУ-м студент театр сыщІащ. Абы щезгъэджахэм ящыщу тІур декан зэрыхъуам сроГушхуэ. КъышцІэмэщІащ, «Туризмэмрэ сервисымрэ» факультетым щІэсхэм зы зэман «Актёр Іэзагъэмрэ режиссурэмрэ» дерсым хьихьэу лекцэ сахъуеджащ.

- Сыт иджыпсту актёр Шыбзыхъуэ Басир нэхъ зыгъэгузавэр?

- Театрыр зейр артистхэракъым, атІэ лъэпкъращ. Цыхухэр къыкІэлъыкІуэмэ, ди лэжьыгъэхэм къыкІэлъымыплъмэ, театрыр кІуэдыжнущ. Театр гъуазджэм и лэжьакІуэхэм ди къалэнхэм хохьэ бзэм зедгъэужьныр, ар тхъумэныр. Бзэр щымыІэжмэ, дыльэпкъыжкъым. НэгъуэщІ лъэпкъхэм пщІэ къыщытхуащІынур ди бзэр, хабзэр тхуэхъумэжмащ. Щэнхабзэ, гъуазджэ Іуэхущ!апІэхэмрэ абы я лэжьакІуэхэмрэ хуэфащэ гулъытэ зэрамыгъэтыр жагъуэ сщохъу. Ди унафэщІхэм дызэхащІыкІамэ ди гуапэт. Абы и лъэныкъуэкІэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым КъБР-м и сенатору щыІэ Къанокъуэ Арсен дыхуэарэзыщ, куэдкІэ къыддэІэпыкъуащи.

Епсэлъар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Саугъэтымкіэ йохъуажэ

Бэнэкіэ хунт

Абхъазым и Лыхъужь, а куэщ республикэм зыхъумэжьыныгъэмкІэ и министру щыта, СССР-м щІыхь зиІэ и дзэ къуэхьлъатэзехуэ, генерал-лейтенант Соснаты СультІан къызэралъхурэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу Налшык дэт «Гладиатор» универсальнэ спорт комплексым щызэхэтащ бэнэкІэ хуитымкІэ зэхьэзэхуэ.

МатчІ зэІущІэм щызэбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ я спортсмен нэхъ лъэщхэр. Соснаты СультІан и щхьэгъусэ Любовь и жэрдэмкІэ зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м СпортымкІэ и министерствэмрэ Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэ КъБР-м щыІэмрэ.

Хьэлъагъ зэмылІэужьыгъуэхэм иту лъэныкъуитІымкІи щызэпэщІэуват цІыхухэр. Ди гуапэщ щІалэгъуалэм я ныбжьыкъуитІымкІи щызэпэщІэуват цІыхухэр. Ди гупыр театрым и нэхъыжь дыхъуащ. Зэдзэлъхуэзышыпхъум хуэдэу гъунэгъу дыззэхуэхъащ. ЛэжьыгъэфІ къызэхъулІэм дыщогуфІыкІ. ЗыгуэркІэ зыр адрейм сэбэп дыхуэхъуфмэ, ди гуапэщ.

МыдэкІэ къытхьха щІалэгъуалэм я зэфІэкІым дрогуфІэ, дрогушхуэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр я псэукІэкІэ, лэжьапщІэкІэ тІэкІу гугъу йохь. Нэхъыщхьэр лэжьыгъэм зи гур хуэкъабзэ щІалэгъуалэ дахэ къызэрытщІэувэрщ. Абыхэм я Іуэху дэкІыну, сыт и лъэныкъуэкІи екъулІэныгъэ яІэну сахуохъуапсэ.

- Нэхъапэхэм нэгъуэщІ щІыналъэхэм спектаклхэр фшэуэрэ вгъэлъагъуэрт. Фыздэщыіа щІыпІэхэм ящыщу нэхъ фигу къинэжахэм я гугъу къытхуэщІыт, Басир.

- Совет зэманым гастроль Іуэхур нэхъ зэпэщт. Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм нэхъ мащІэ дыдэу тхьэмахуитКІэ дыкІуэфырт. Езыхэри апхуэдэу къыткІэлъыкІуэу, зыр адрейм хьэщІагъэ кІэлъызетхьэу, дызэдэІэпыкъуэ апхуэдэт. Иджы махуитІ-ще нэхъыбэ зы тщыгъупщэжхьым. Гуапэу драгъэблагъащ икІи дагъэльапІащ. Дэри иужькІэ кьедгъэблагъэжри апхуэдэ гулъытэрэ пщІэрэ яхуэтщІыжащ. Театр гъуазджэм, щэнхабзэм и фІыгъкІэ, лъэпкъхэр нэхъ дызэрыщыхуртэ, ди зэныбжьэгуГъэм зиубгъурт. Абы щыгъуэт щызэхэтщІар апхуэдэу абхъазэхэр дызэриГъунэгъумрэ дызэриблагъэмрэ. Спектакль зыбжанэ яхуэтшащэу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджы апхуэдэ зэфІэкІ диІэжкъым.

- Актёр Іэщ!агъэм ухуеджэни абы хуебгъэдэжнуи тыншкъым. Апхуэдэу щытми, уэ тІури хъарзынэу зэбгъэхъулІащ.

- Дызрикіуа актёр гъэгуанэр гугъущ. Иджы абы хуеджэхэри тыншу схужьІэнукъым. Къыхэзгъэщынуи сызыхуейращи, актёр Іэщ!агъэм ухуеджэ къудейкІэ зэфІэкІыжыркъым. Тхьэм зэфІэкІ къыббгъэдимыльхьамэ. ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Индхъэрэ къэрал институтым актёр Іэзагъэм щыхагъэгъуазэ и кафедрэм курсиплІ щезгъэджащ. А гупиплым хэсахэм я нэхъыбэр иджыпсту ди республикэм и театрхэм щоладжьэ.

КъБКъУ-м студент театр сыщІащ. Абы щезгъэджахэм ящыщу тІур декан зэрыхъуам сроГушхуэ. КъышцІэмэщІащ, «Туризмэмрэ сервисымрэ» факультетым щІэсхэм зы зэман «Актёр Іэзагъэмрэ режиссурэмрэ» дерсым хьихьэу лекцэ сахъуеджащ.

- Сыт иджыпсту актёр Шыбзыхъуэ Басир нэхъ зыгъэгузавэр?

- Театрыр зейр артистхэракъым, атІэ лъэпкъращ. Цыхухэр къыкІэлъыкІуэмэ, ди лэжьыгъэхэм къыкІэлъымыплъмэ, театрыр кІуэдыжнущ. Театр гъуазджэм и лэжьакІуэхэм ди къалэнхэм хохьэ бзэм зедгъэужьныр, ар тхъумэныр. Бзэр щымыІэжмэ, дыльэпкъыжкъым. НэгъуэщІ лъэпкъхэм пщІэ къыщытхуащІынур ди бзэр, хабзэр тхуэхъумэжмащ. Щэнхабзэ, гъуазджэ Іуэхущ!апІэхэмрэ абы я лэжьакІуэхэмрэ хуэфащэ гулъытэ зэрамыгъэтыр жагъуэ сщохъу. Ди унафэщІхэм дызэхащІыкІамэ ди гуапэт. Абы и лъэныкъуэкІэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым КъБР-м и сенатору щыІэ Къанокъуэ Арсен дыхуэарэзыщ, куэдкІэ къыддэІэпыкъуащи.

Епсэлъар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Спартакиадэ

Дзэлыкъуэдэсхэр къыхожаныкІ

Гъащ!э узынщэм къыхуеджэныкьмрэ муниципальнэ Іэнат!Іэхэм я лэжьакІуэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ дегъэзыхьныкьмрэщ и къалэн нэхъыщхьэу щытар мы махуэхэм Налшык и Сабий стадионым щекІуэкІа КъБР-м и Муниципальнэ Іуэхущ!апІэхэм я спартакиадэм.

КъБР-м и «Муниципальнэ Іуэхущ!апІэхэм я сОвет» ассоциацэм (АСМО) диІыгъуу ар къызэригъэпэщащ республикэм Спортымкіэ и министерствэм. Спартакиадэм хыджэру хэтащ щІыналъэм хьыхьэ кІуэжэ администрацэхэм я лэжьакІуэхэмкІэ зэхаГъуэва Дзэлыкъуэ районым и командэр.

Зэхьэзэхуэр къыщыдзэІуэ зы аби къырихьэлІаХэм зыхуагъэзащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Анаев Асльэнрэ КъБР-м и АСМО-м и гъэзэщІакІуэ директор, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт Маслов Николай-рэ. Лэжьакіуэхэм ахэр екъуэхъуащ ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэмкІэ.

Спартакиадэм и программэм хэтащ шахматэкІэ, мини-футболымкІэ, псы есынымкІэ, къызэрэдэжэныкІэ, эстафетэмкІэ, жыжьэу лъэныкІэ, мывэмрэ топымрэ дзыныкІэ, кІапсэкІэ зэпекъуныкІэ зэхьэзэхуэкъэ. Дэтхэнэ зы зэпэщІэтыныгъэри удзэныкъуэ районымрэ тэрчдэсхэмрэ мини-футболымкІэ я финал зэІущІэр. ЗэпэщІэтыныгъэ гуащІэм щытекІуащ дзэлыкъуэдэсхэм я командэр. Абы хэту джэгуплІэ губгъуэм къыхьащ Шэру Асльэнбэч, Бэрэгъун Алим, Жырыкъ Ашэмэз, Бжэныкіэ Мурат, Маргъущ Залым, Къаскъул Аскэр, Хьэшкіул Руслан, Чэрбий Заур сымэ.

Спартакиадэм щытекІуа-хэмрэ къыхожаныкІэхэмрэ ираташ кубокхэр, медалхэр, грамотэхэр. Тыгъэ нэхъ льапІэр зэхьэрхуэрэгъуэхэм езыхэм зыхуащІыжащ - жыджэрагъ, гукъыдэж ягъуэтащ. Зы псалъэкІэ жыпІэмэ, спортым и махуэшхуэр къайхъулІащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Гугъуехьхэр ягъэнаІуэ, хэкІыпІэхэр къалъыхъуэ

● Узышагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэІуахащ акушерствэмрэ гинекологиемрэ ятеуху 70-нэ Урысейпсо егъэджэныгъэ форум. Ар къызэрагъэпэщащ а унэтІыныгъэхэм узыщІрихьэлІэ гугъуехьхэр къэгъэнэІуэн, абыхэм хэкІыпІэхэр къахуэгъуэтын мурадкІэ.

КОНФЕРЕНЦЫР къыщ!эзэІуахым кърихьэлІащ КъБР-м узышагъэр хъумэныкІэ и министр Расторгуевэ Светланэ, БКъКъУ-м и ректор Альтуд Юрий, Акушер анестезиолог-реаниматологэм я ассоциацэм и унафэщІ Нифман Ефим, а зэгухьныгъэм и вице-президент Куликов Александр. Зэхьэхьэм хэтащ Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ медицинэ Іуэхущ!апІэхэм, еджапІэхэм я унафэщІхэр, дохутырхэр, егъэджакІуэхэр, студентхэр.

- КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и тхыдэр жыжьэ къыщІожьэ, апхуэдэу еджапІэм зэрыгушхуэ гъэсэнхэр и мащІэкъым. Университетым и медицинэ къудамэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм мыхьэнэщхэу щеГъэзащІэ. КъыхэзгъэщыщІи, еджапІэм щІэсхэм я процент 20-р зыхуэзэр медицинэ факультетым щІэс студентхэрщ, - жиІащ Альтуд Юрий форумыр къыщызэІуихым икІи зэхэсым къырихьэлІэхэм пэжыгъэ купщІафІэ ирагъэжьІэну, республикэм щагъэкІуэну маХуэхэр яхуэфІыну екъуэхъуащ.

- Ди гуапэщ мыхьэнэшхуэ зиІэ мыпхуэдэ форумыр ди щІыналъэм зэрыщекІуэкІыр, - жиІащ Расторгуевэ Светланэ. - Дохутыргинеколог Іэщ!агъэр жэуапІныгъэшхуэ зыпылъщ. Фи щІэныгъэр, Іэзагъэр зыхуэунэтІар Іуэхуфіщ - цІыхубзым и узышагъэр хъумэнырщ, сабий узынщэ дунейм къытегъэхьэнырщ.

Шифман Ефим жиІащ зэхьэхьэм акушерствэм, гинекологием щІэуэ къыхьыхьэ Іэмалхэм, перинатальнэ центрхэм ягъуэт зыужьыныгъэм теухуа Іуэхухэр къыззэрещІэтынур.

Форумыр къызэрэпэщащ!ыкІэ дэІэпыкъуэгъу зэрыхъуам папщІэ Акушер анестезиолог-реаниматологэм я ассоциацэм къыбгъэдэкІфыщІэ тхьилъхэр ираташ республикэм узышагъэр хъумэныкІэ и министрым, КъБКъУ-м и ректорым, нэгъуэщІхэми.

ТХЬЭХУЩІЫНЭ Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (экъуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ!эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ!Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●